# XALÍQ DEPUTATLARÍ KEGEYLI RAYONLÍQ KEŃESI
# SHESHIMI

2023 - yil 13 - mart VI-68-41-13-184-K/23 Kegeyli rayoni hákimligi

**Кегейли районы жергиликли бюджетиниң 2023 жыл 1-январь жағдайына анықланған еркин қалдық қаржыларының жумсалыў жөнелислери ҳаққында.**

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2023-жыл 28-февральдағы 1107-санлы Қарары ҳәм Өзбекстан Республикасы Бюджет кодексиниң 119 ҳәм 126 статьяларына муўапық Кегейли районы жергиликли бюджетиниң 2023-жыл 1-январь жағдайына анықланған еркин қалдық қаржыларын мақсетке муўапық жумсалыўын тәмийинлеў мақсетинде Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңеси

**Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:**

1. Кегейли районы ҳәкимлигиниң Кегейли районы жергиликли бюджетиниң 2023 жыл 1-январь жағдайына анықланған еркин қалдық қаржыларының жумсалыў жөнелислери бойынша усынысы мақулланcын.

2. Кегейли районы ушын 2023-жыл 1-январь жағдайына анықланған еркин қалдық қаржыларының жумсалыў жөнелислери 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Қаржыларды әмелге асырыўшы жуўапкер мәкеме, кәрхана, шөлкемлердиң басшыларына:

- ажыратылған қаржыларды, туўры, мақсетли ҳәм нәтийжели пайдаланыўды тәмийинлеў;

- жумсалмаған ҳәм үнемленген қаржыларды районның жергиликли бюджетине қайтарыў иләжларын көрсин.

4. Кегейли районы финанс бөлими (Д.Ибрагимов):

- жергиликли бюджеттиң қәрежетлер режесине белгиленген тәртипте тийисли өзгерислер киргизиў;

- ажыратылған қаржылардың мақсетли жумсалыўы үстинен тийисли тәртипте қадағалаў орнатсын.

5. Кегейли районы ғазнашылық бөлимине (М.Матекеев) ажыратылған қаржылар бойынша төлемлерди орнатылған тәртипте ҳәм өз ўақтында әмелге асырыў тапсырылсын.

6. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң Жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў, инвестициялар ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына (С.Қалханов) жүкленсин.

**Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңеси баслығы** **Д.М.Утемуратов**

Xalq deputatlari Kegeyli tuman
Kengashining
2023 yil 13 martdagi
VI-68-41-13-184-K/23-son
qaroriga
1-ilova

**Кегейли районы жергиликли бюджетиниң 2023 жыл 1-январь жағдайына анықланған еркин қалдық қаржыларының жумсалыў жөнелислери**

| **№** | **Қәрежетлер** | **Ажыратылған қаржы (млн.сўм)** |
|---|---|---|
| 1 | «Ҳаяллар дәптери» қорына | 8,0 |
| 2 | «Жаслар дәптери» қорына 15% | 8,0 |
| 3 | «Пуқаралар басламасы қоры»на | 16,0 |
| 4 | Қосымша қарарлар тийкарында жөнелтирилетуғын қаржы муғдары | 22,2 |
| **ЖАМИ** | | **54,2** |